

## Gid transpò pou fanmi

Sèvis transpò ki disponib pou elèv diferan dapre elijiblite ak bezwen chak timoun pou sèvis sa yo. Pale avèk lekòl ou a si w gen kesyon sou opsyon ki disponib.

### Metòd transpò

- **MetroCards**, se lekòl ou a ki distribye yo pou itilize nan tren ak otobis MTA ki pa eksprès.
- **Transpò otobis Stop-to-School** pase chèche ak depoze elèv ki elijib nan estasyon otobis yo idantife.
- **Transpò otobis Curb-to-School** pran elèv sou twotwa ki pi pre, ki pi ansekirite bò lakay yo.

### Elijiblite

- **MetroCards ak transpò otobis Stop-to-School:** Depann sou [kondisyon nivo klas ak distans](#); transpò otobis disponib dapre kèk kritè anplis, longè wout ak liy distri yo. Anplis, yo bay elèv yo rekòmande pou otobis stop-to-school yo nan Plan 504 yo.
- **Transpò otobis Curb-to-School:** Yo bay elèv yo rekòmande pou otobis curb-to-school yo nan IEP yo oswa Plan 504 yo.
- **Elèv ki nan lojman tanporè ak Foster Care nan klas K-6:** Yo elijib pou mande otobis epi yo pral mete swa sou yon trajè stop-to-school oswa curb-to-school. Plis enfòmasyon pi ba a.

### Eksepsyon pou elijiblite

- Tip eksepsyon yo se: Medikal, Lojman Tanporè, Swen Adopsyon, Gad Konjwen, Viktim yon Krim, Lòd Pwoteksyon, ak Danje.
- Fanmi elèv ki deja resevwa otobis sou twotwa pou ale lekòl (curb-to-school) ka mande transpò sans inik pou ale nan yon lòt kote apre lekòl olye pou yo depoze lakay yo.

### Akomodasyon transpò nan yon IEP

- Pi fò elèv ki gen IEP ale lekòl ak tounen lakay nan menm mwayen transpò avèk elèv ki pa gen IEP. Yon ekip IEP ka rekòmande transpò otobis pou timoun ki gen bezwen ki dokimante ki afekte kapasite yo pou ale ak tounen lekòl. Bezwen sa yo ka emosyonèl, konpòtman, kognitif oswa komunikasyon, ak fizik oswa medikal.
- Gen kèk timoun ki ka bezwen lòt akomodasyon transpò pou vwayaje san danje pou ale lekòl. Sa gen ladan: 1:1 parapwofesyonèl transpò, sèvis medikal/enfimyè, limit tan vwayaj, kontwòl klima, vès sekirite, ak chèz machin.
- Fanmi ki kwè otobis curb-to-school ak/oswa akomodasyon transpò nesesè pou reponn sitiyasyon andikap pitit yo pandan y ap fè trajè lekòl yo ta dwe kontakte lekòl yo oswa ekip IEP ki base nan CSE yo.

### Elèv ki nan lojman tanporè ak elèv ki nan foster care

- Elèv ki nan lojman tanporè ak elèv ki nan foster care k ap fè klas K-6 elijib pou transpò otobis pou ale lekòl yo. Yo dwe ranpli yon Fòm Eksepsyon pou mande otobis pou elèv ki nan:
  - Foster Care

- Preskolè (lojman tanporè ak foster care)
- Shelter HRA-DV
- Shelter Housing Preservation & Development (HPD)
- Sitiyasyon tanporè doubled-up (abite ak lòt moun)
- Lòt lojman tanporè, tankou machin, pak, elèv k ap tranzisyon soti nan lojman tanporè pou ale nan lojman pèmanan
- Elèv yo rekòmande otobis nan IEP yo ak elèv ki nan klas K-6 nan shelter Depatman Sèvis pou Sanzabri (DHS) pa bezwen ranpli yon fòm eksepsyon.
- Paran/responsab kapab jwenn yon MetroCard nan lekòl pitit yo pou mennen pitit yo ale ak tounen lekòl.
- Fanmi elèv ki nan lojman tanporè ka pale avèk anplwaye shelter yo oswa Manadjè Rejyonal DOE a pou plis enfòmasyon sou pwosesis la: <https://www.schools.nyc.gov/school-life/special-situations/students-in-temporary-housing>.
- Fanmi elèv ki nan foster care ka kontakte lekòl yo, yon kowòdonatè Foster Care, oswa ale nan: <https://www.schools.nyc.gov/school-life/special-situations/students-in-foster-care>.

## Preparasyon

- Asire tout enfòmasyon kontak nan ka ijans yo ajou nan lekòl ou a.
- Fè lekòl ou a konnen imedyatman tout chanjman adrès oswa chanjman bab fason w ap viv.
- Konnen ki kote arè otobis ou ye, epi rive kèk minit avan lè y ap vin chèche elèv la. Remake byen ke otobis la pa pral tann plis kèk minit epi li dwe kontinye sou wout li.

## Sipò

- Kontakte lekòl ou a (jwenn enfòmasyon lekòl ou a nan [schools.nyc.gov/find-a-school](https://schools.nyc.gov/find-a-school))
- Ale nan SupportHub: <https://supporthub.schools.nyc/family-topics>
- Enskri pou resevwa alèt pou ijans atravè app mobil [Notify NYC mobile app](#)
- Ale nan [schools.nyc.gov/transportation](https://schools.nyc.gov/transportation)
- Pou elèv ki nan lojman tanporè, kontakte yon Manadjè rejyonal nan [schools.nyc.gov/school-life/special-situations/students-in-temporary-housing](https://schools.nyc.gov/school-life/special-situations/students-in-temporary-housing)
- [Pou elèv ki nan foster care, kontakte yon kowòdonatè Foster Care nan schools.nyc.gov/school-life/special-situations/students-in-foster-care](https://schools.nyc.gov/school-life/special-situations/students-in-foster-care)

## Troubleshooting (Depanaj)

Ale nan SupportHub <https://supporthub.schools.nyc/> epi klike sou “Transportation”.

## Kontakte lekòl pitit ou ye a lè

- Otobis lekòl ou a an reta oswa pa vini pandan plizyè fwa.
- Ou gen pwoblèm ak otobis lekòl pitit ou a kounye a.
- Ou vle pote yon plent kont yon manm estaf otobis lekòl la.
- Ou vle konnen enfòmasyon sou wout otobis pitit ou a; ou ka jwenn enfòmasyon sa a tou nan [New York City Schools Account \(NYCSA\)](https://schools.nyc.gov/learning/student-journey/nyc-schools-account) <https://schools.nyc.gov/learning/student-journey/nyc-schools-account>.
- Ou bezwen mande otobis pou pitit ou a, oswa fè yon chanjman nan otobis pitit ou a kounye a.



- Ou gen yon kesyon sou MetroCard elèv yo.
- Ou bezwen èd pou akomodasyon.
- Pitit ou a gen yon andikap epi ou bezwen fè aranjman pou transpò otobis nan IEP oswa Plan 504 li a.

## Kontakte konpayi otobis la lè

- Otobis lekòl pitit ou a an reta.
- Otobis lekòl pitit ou a pa rive jodi a.
- Ou pa sèten sou lè y ap vin chèche pitit ou a ak/oswa lè y ap depoze pitit ou a.

## Kontakte OPT lè

- Ou vle pote yon plent kont yon konpayi otobis.
- Ou vle rapòte yon enkyetid sekirite konsènan yon otobis lekòl.
- Ou bezwen èd ak yon ijans ki enplike yon otobis lekòl.
- Ou vle rapòte yon aksidan ki enplike yon otobis lekòl.
- Si gen kesyon sou ranbousman pou transpè, voye yon imèl nan [TransportationReimbursement@schools.nyc.gov](mailto:TransportationReimbursement@schools.nyc.gov).

## Dwa

- Dwa pou mwayen transpò pou elèv ak fanmi disponib nan [schools.nyc.gov/transportation-rights](https://schools.nyc.gov/transportation-rights).

## Lekòl ete

- Elèv ka elijib pou transpò nan lekòl ete; ale sou paj kan ete a nan <https://www.schools.nyc.gov/enrollment/summer>.

## Ijans pou move tan

- Pwosedi ijans pou move tan ke yo kreye an kolaborasyon avèk NYPD, Depatman ponpye, ak NYC Emergency Management, disponib nan [schools.nyc.gov/transportation](https://schools.nyc.gov/transportation).

## Rapèl pou transpò

- **Anrejistre:** Anrejistre pou yon [Kont lekòl NYC](#) gratis pou w ka wè enfòmasyon sou otobis ak chanjman nan sèvis nan tan reyèl [schools.nyc.gov/learning/in-our-classrooms/nyc-schools-account](https://schools.nyc.gov/learning/in-our-classrooms/nyc-schools-account).
- **Kenbe nou okouran:** Fè lekòl ou a ak chofè otobis la konnen imedyatman si w gen nenpòt chanjman nan adrès ou oswa nan enfòmasyon pou yo kontakte w
- **Rankontre avèk ekip otobis ou a:** Familyarize w avèk chofè ak matwòn ki nan otobis la epi asire ou gen nimewo telefòn konpayi otobis la.
  - **Konpayi otobis pou timoun ki gen laj pou ale lekòl:** [schools.nyc.gov/school-life/transportation/bus-companies-for-school-age-children](https://schools.nyc.gov/school-life/transportation/bus-companies-for-school-age-children)

- **Konpayi otobis pou Pre-K ak entèvansyon pou debitán (Early Intervention):** [schools.nyc.gov/school-life/transportation/pre-k-and-early-intervention-bus-companies](https://schools.nyc.gov/school-life/transportation/pre-k-and-early-intervention-bus-companies)
- **Pratike sekirite:** Revize Konsèy pou pran otobis ak tren ansekiriteavèk pitit ou a, ki disponib nan[schools.nyc.gov/safe-travel-tips](https://schools.nyc.gov/safe-travel-tips)

## Ou gen kesyon oswa ou bezwen èd?

Si w gen kesyon ke lyezon transpò nan lekòl ou a oswa konpayi bis ou a pa ka reponn, ale nan schools.nyc.gov/transportation oswa <https://infohub.nyced.org/in-our-schools/operations/transportation-resources-for-schools>.

Pou ijans tankou yon otobis ou pa wè oswa yon aksidan, kontakte liy sèvis kliyantèl OPT nan 718-392-8855.